## GID REFERANS RAPID POU BIBLIYOTÈK

***Destiny***
http://destiny.dadeschools.net
*(Chèche nan bibliyotèk lekòl ou tout bibliyotèk nan lekòl nan M-DCPS)*

***SUNLINK***

http://www.sunlink.ucf.edu
*(Chèche nenpòt bibliyotèk lekòl piblik nan Florid.)*

***M-DCPS Virtual Library***
http://virtuallibrary.dadeschools.net
*(Chèche nan virtual library pou materyèl nan entènèt, lis liv ki rekòmande yo ak istwa yo.)*

| | |
|---|---|
| *eLibrary Science* | *NewsBank* |
| *Facts on File Online* | *SIRS Discoverer* |
| *Gale* | *SIRS Knowledge Source* |
| *Grolier Online* | *TumbleBooks* |
| *Kids InfoBits* | *WorldBook Online* |

Non siyati ak mo pas / Usernames and Passwords

All Databases: U: ___________ P: ___________

*Atomic Learning itilize nom sevi ak mopa pou shak lekol sil vou ple pran kontak ak spesialis nan bibliotek lekol la pou mopa ak plis enfomasion.

***Library Media Services***
http://library.dadeschools.net
**(305-995-2283)**

## ***Espesyalis Bibliyotèk***

*(Pi bon resous ki genyen nan bibliyotèk.)*

Non:

Dr. PIROSKA HIDVEGI

Nimewo Telefòn Lekòl:

305-245-7000

Paj entènèt Lekòl la:

http://homesteadhigh.dadeschools.net/

Lè Bibliyotèk la ouvri:

7.30-230 PM

## PAJ ENTÈNÈT POU PARAN

http://www.ala.org/ala/aasl/schlibrariesandyou/parentsandcomm/parents.htm
http://www.famlit.org
http://www.ciera.org/index.html
http://gpn.unl.edu/rainbow
http://www.read2kids.org
http://www.ed.gov/parents
http://www.justreadflorida.com
http://www2.dadeschools.net


The School Board of
Miami-Dade County, Florida

Board Members
Dr. Solomon C. Stinson, Chair
Dr. Marta Pérez, Vice-Chair
Mr. Agustin J. Barrera
Mr. Renier Diaz de la Portilla
Dr. Lawrence S. Feldman
Ms. Perla Tabares Hantman
Dr. Wilbert "Tee" Holloway
Dr. Martin Karp
Ms. Ana Rivas Logan

Mr. Alberto Carvalho
Superintendent of Schools


DIVISION OF INSTRUCTIONAL TECHNOLOGY, INSTRUCTIONAL MATERIALS, AND LIBRARY MEDIA SERVICES
305 995-1915

Copyright © 2005 Library Media Services and its licensors. All rights reserved

# BIBLIYOTÈK LEKÒL

## KONEKSYON ESANSYÈL POU PWOGRÈ ELÈV








*"Yon kay ki pa genyen liv se tankou yon chanm san fenèt. Pa genyen yon moun ki gen dwa elve timoun san yo pa antoure li ak liv… Timoun aprann li lè yo genyen liv lakay yo."*

*Heinrich Mann*

*"Nan liv mwen vwayaje, mwen pa sèlman ale nan lòt monn, men nan monn pa mwen. Mwen aprann ki moun mwen ye ak ki moun mwen ta renmen ye, kisa m ta renmen fè ak kisa m ta reve de monn mwen ak tèt mwen."*

*Anna Quinlen*





## Èske ou te Konnen?

- Kòm paran yon elèv lekòl leta Miami-Dade County (M-DCPS), ou kapab prete liv nan bibliyotèk lekòl pitit ou pou li fè devwa li osnon travay pèsonèl li.
- M-DCPS genyen plis pase 3,000,000 materyèl nan bibliyotèk yo ki disponib pou w prete.
- Plizyè nan bibliyotèk yo ouvè anvan lekòl ouvè ak apre lekòl fèmen pou elèv yo ka sèvi avèk yo. (Ale nan bibliyotèk nan lekòl pitit ou pou konnen lè yo ouvri.)
- Ou kapab mande prete yon liv ki soti nan nenpòt lekòl nan distri M-DCPS la.
- M-DCPS fè pati SUNLINK, yon katalog bibliyotèk nan entènèt nan eta Florid. Ou kapab prete liv ki soti nan nenpòt lekòl piblik nan Florid. (Jis mande nan bibliyotèk nan lekòl pitit ou pou yo ede w.)
- Rezilta yon rechèch an Florid nan lane 2003 endike pwogram nan bibliyotèk yo ranfòse pwogrè elèv yo.

## Bibliyotèk Lekòl Ede Pitit Ou Genyen Siksè nan Lekòl

# Destiny

Yon systèm tou nèf nan entènèt pou bibliyotèk nan lekòl leta Miami-Dade County

Destiny pèmèt ou:

- chèche liv nan bibliyotèk nenpòt lè, nenpòt kote;
- chèche nan bibliyotèk ki nan lekòl ou oubyen nan tout lekòl nan M-DCPS, nan nenpòt òdinatè ki sou entènèt nan lekòl la oubyen lakay ou;
- gade nenpòt kouvèti liv pou w kapab chwazi yon liv pi fasil;
- fè yon lis liv pou ede w jwenn liv yo pi fasil;
- chèche liv Accelerated Reader, Reading Counts, ou nivo lekti Lexile (Ou kapab mande pwofesè pitit ou pou enfòmasyon sa.);
- gade rekòmandasyon sou liv pou ede w chwazi liv ki pi bon pou pitit ou; epi
- gade si bibliyotèk la genyen liv ou bezwen yo.

## Lis Lekti

Men kèk aktivite paran ka sèvi pou ede pitit yo renmen li:

- ☐ Li yon liv pou pitit ou chak jou. Etabli yon lè kalm pou pitit ou li chak jou.
- ☐ Bay pitit ou bon egzanp lekti, li tout pankat ak avi ou avètisman ou wè, ankouraje pitit ou pou li fè menm bagay.
- ☐ Itilize tan nou genyen ansanm, tankou lè nou prale lekòl nan vwati, lè nap tann kay doktè, ankouraje pitit ou epi diskite liv l ap li.
- ☐ Montre pitit ou pou l li pou kont li ak lòt aktivite literati lakay ou.
- ☐ Fè jwèt ak mo, rakonte istwa, fè devwa lekti ak pitit ou.
- ☐ Ankouraje konvèsasyon natirèl sou liv ou li ak pitit ou.
- ☐ Pran ransèyman sou bibliyotèk leta ak bibliyotèk nan lekòl ou, chèche konnen si ou kapab jwenn liv ak lòt bagay kap ede pitit ou aprann li pi byen.
- ☐ Ankouraje pitit ou pou li sèvi ak liv sou kasèt pou li ka koute pandan l ap li yon liv.
- ☐ Vizite bibliyotèk nan lekòl ou, rankontre ak moun k ap travay nan bibliotèk la. Lè nou travay ansanm, ou kapab ede pitit ou renmen aprann ak renmen li pou tout vi li.